**LAMPIRAN 1**

Sinopsis Novel

Cekakipun cariyos Kirti njunjung drajat menika novel ingkang nyariyosaken kedadosan wigatos ingkang nyata saking masarakat Jawi ing jamanipun. Utaminipun inggih menika Darba saged dados gegambaranaipun "tiyang" Jawi ingkang samangkih dipunbetahaken dening jaman ngajeng, inggih menika jaman merdhika. Darba yaiku jejaka watawis umur 18 taun taksih magang dados abdidalem. Kahanane Darba lan Bapake namanipun Ki Mas Nayapada ana ing sepur jurusan Semarang – Yogyakarta kepanggih kaliyan Mas Bei Mangunripta lajeng aruh-aruh piyambakipun wicanten kaliyan Ki Mas Nayapada "dhateng pundi mas?" Ki mas naya padha mangsuli menawi piyambakipun badhe dhateng panggenanipun Demang Karyabau. Boten dipunsengaja Mas Bei inggi badhe dhateng mrika. Wonten ing sepur Darba kaget amargi pirsa Mas Bei Mangunripta menika priyai nanging tindak tandhukipun boten sami kalian priyai. Mas Bei menika sombong kabukti nalika wonten tiyang ingkang butuh lenggahan ing gerbong piyambakipun namun kendel lan nalika ngajak wicanten kaliyan Darba swantenipun ketingal sombong.

Darba dugi wonten griyanipun Mas Demang Karyabau wonteng mrika wonten pajagongan nalika wanci ngajengaken jam pitu, ing pandhapi sampun kathah tamu, sadaya sami rasukan cemeng, wonten ingkang dhestaran, wonten ingkang makuthan. Anggenipun damel mantu Mas Demang Karyabau ageng-agengan sayektos, amargi kejawi saweg sapisan,calon mantunipun punika Raden Mas Uger-uger, putra kapenakanipun Bupati Patuh. Punapadene ingkang Bupati ugi badhe ngrawuhi. Darba dipunkengken ngetokake wedang kaliyan dipun peseni menawi pundi kemawon ingkang dipuncawisi jenising cangkir inggih menika

benten-benten. Mas Demang Karyabau dheleg-dheleg gela manahipun awit tampi pawartos bilik ingkang Bupati boten saget rawuh, jalaran gerah. Sapunika ingkang kaajeng-ajeng dados panunggguling tamu kantun ingkang Panewu Dhistrik. Saweg dheleg-dheleg mekaten kaget, mas demang dipun jawil dening Mantri Onder Dhistrik. Mantri Onder dipunsumanggaaken pinarak. Mas Bei pirsa menawi Mantri onder dipun urmati lajeng Mas Bau gadhah rasa ewa ing manah. Wewah-wewah lajeng sumrep Ondheripun dipun ladosi wedang mawi cangkir tutup tatakan, ing batos wewah muring-muring. Wonten ing pajagongan Mantri Onder beksan, pirsa Mantri Onder beksan Mas Bei namung kendel kaliyan ngombe, lajeng Darba ngalungake sampur ing Mas Bei ancasipun supados Mas Bei purun beksan. Mas Bei beksan inggih setenggah sadar amargi sampun kathah ngombe. Mas Bei ngajak Mantri Onder ngombe nanging Mantri Onder nyampluk gelase lan nyiprat datheng rainipun Mas Bei, piyambakipun nepsu.

**LAMPIRAN 2.**

Tabel 3. Data Kritik Sosial ing salebetipun Novel Kirti Njunung Drajat

| No. | Kutipan Data | Sub Judul | Aspek Masalah | Wujudipun Kritik |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Tembungipun Mas Bei Mangunripta punika tegesipun taksih tangeh sagedipun dados priyantun, amargi adat kalimrahanipun, magang punika pancen pitu wolung taunan. Mas Bei lajeng pitaken dhateng Ki Mas Nayapada, "punapa putrane punika sampun saged nyerat jangkep, Mas?" | Wonten Ing Sepur | Sosio-Budaya | Kritik dhateng padamelan |
| 2 | Dene bangku sanesipun meh nyakawan sadaya, namung palinggihanipun Mas Bei Mangunripta punika dipunlinggehi ijen, amargi patrapipun linggih mujur ngebaki papan, selanipun ing pinggir dipun dekeki buntelan. Tetiyang dhusun sami ajrih ngesuk Mas Bei Mangunripta, dipunpilalah sami ngadeg awit sumerep menawi punika priyantun. | Wonten ing Sepur | Sosio-Budaya | Kritik dhateng tiyang ingkang kalenggahanip un inggil |
| 3 | Kocapa, sareng sepur sampun lumampah malih, kondhektur lumebet ing gerbong mriksa karcis. Ingatasipun dagang pancenipun bingah ningali sesadeyanipun pajeng laris. Ewasemanten tuwan kondhektur boten makaten, sumerep kathahing tiyang ingkang | Wonten ing Sepur | Moral | Kritik dhateng tiyang ingkang kagungan pangkat inggil |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | numpak, namung tansah ngeses saha muring-muring; tandhangipun grusa-grusu, tiyang ingkang sami ngadeg neseg-nesegi margi dipun suk purun, malah wonten ingkang dipunjorog-jorogaken. Dumadakan wonten tiyang dhusun mbekta pikulan, panganggenipun namung kathokan punika dhawah ngebruki Mas Bei Mangunripta. | | | |
| 4 | Sareng sampun sareh ing sawatawis, saha ing salebetipun gerbong sampun tentrem, punapadene kondhektur sampun boten ketingal, Mas Bei ngadeg kaliyan wicanten, “Landa kuwi mendhem ayake”.<br><br>Tumunten lumampah, nyelaki Ki Mas Nayapada, lajeng ngadeg alendetan candhela, pitakenipun dhateng Darba, “kandha apa Le, tuwane, kathik nganggo perdom-perdom barang?”<br><br>Darba boten enggal mangsuli, awit saumpami tembungipun Walandi kondhektur wau dipunjawekakaken sadaya, sumelang kepireng tiyang sanesipun, mendhak amewahi wirangipun Mas Bei, wasana wangsulanipun namung, “boten ngertos, awit wicantenipun rikat | Wonten ing Sepur | Sosio-Budaya | Njagi raosipun tiyang sanes |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | sanget”. | | | |
| 5 | “lah kebeneran ana bocah Sala, mesthi prigel laden. Renea, Le, takkandhani. Mengko yen ngetokke wedang, cangkir tutup gedhe sing nganggo tatakan salaka iki, ingkang Bupati, para panewu iya nganggo tatakan iki, cangkire tutup cilik wae. Para mantri cangkir tutup cilik tanpa tatakan. Sangisore iku cangkir alus tanpa tutup. Dene liyane, bekel, mandhor sapepadhane cangkir para bae” | Wonten ing Pajagongan | Sosio-Budaya | Bedakaken antawisipun ingkang kagungan pangkat |
| 6 | “Kok ora nemu-nemu, ta?” “mesthine ana sing dienteni” “Ana kae, mesakke pengantene, arak tansah nggekeng” “Arepa ngono-ngono, nek panggedhe durung rawuh.” “Iya, ya, lawong panggedhe” | Wonten ing Pajagongan | Politik | Panggedhe dipunrumiyinaken |
| 7 | Tamu ingkang ageng piyambak Den Bei Dhistrik, dipunaturi larih, lajeng ngajak onderipun. Ingkang makaten punika saya ndadosaken nepsunipun Mas Bei Mangunripta, mila sanajan sadaya tamu sami ngadeg ngepang ingkang beksa, urun keplok saweneh nggerong, Mas | Wonten ing Pajagongan | Moral | Ngurmati dhateng tiyang sanes |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Bei Mnagunripta lenggah kemawon, malah lajeng ngombe jenewer plepak-plepek, ngantos rainipun abrit manang-manang. | | | |
| 8 | Kejawi punika Mas Demang mawi pratela manawi wonten lepatipun ing tindak, nyuwun pangapunten. Nanging Mas Bei Mangunripta boten ngrewes babar pisan, malah nyenthulani. | Wonten ing Pajagongan | Moral | Atur pangapunten |
| 9 | “sampun dados penggalih, inggih idhep-idhep ngemong ingkang gadhah griya. Mas bei Mangunripta punika kula rumiyinaken beksa.<br><br>“E, nun inggih, tiyang pancen leresipun makaten.”<br><br>“Kadospundi, Dhi, teka adhi cariyos leresipun?”<br><br>“lah tiyang kula mantri golongan pulisi, ngrika mantri nagari”<br><br>“Mantria nagari punika, tiyang mantri kasentanan” | Wonten ing Pajagongan | Politik | Ngendhelaken pangkat ingkang inggil |
| 10 | “Mantri Onder Dhistrik inggih ngunjuk, nanging tanpa mangsuli sakecap, ing batos sakelangkung ngungun, dene ngantos kataman ing tindak kados makaten. Nanging polatanipun boten ewah, mratandhani priyantun luhur ing budi, boten samar ing patrap agal alus, pancen bregas, wujudipun boten ageng | Wonten ing Pajagongan | Sosio-Budaya | Inggil pangkatipun namung boten saged njagi kawibawan |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | inggil, nanging saliranipun akas lan kiyeng. | | | |
| 11 | Sepisan, nalika wonten ing sepur. Kajening kapriyantunan punika pancen sampun cumithak wonten ing pikiranipun Darba. Nanging ingatasipun bregasipun semanten, teka dipunkuya-kuya kondhektur sebab namung saking boten ngertos bilih bangku punika kedah dipunlinggihi bangku tiyang tiga. Kaliyan malih kajening kapriyantunan punika punapa namung wonten jagadipun piyambak, tegesipun namung sami kanca-kancanipun. Tumrap sawanganipun bangsa sanes, pangertosan punapa langkung dipunajeni. | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Sosio-budaya | Kawibawan menika boten dumunung wonten ing pangkat ananging ing batos |
| 12 | "Kretane Bendara Raya ajeng methuk teng sepur?"<br>"Kathik nganggo mandheg barang."<br>"Darya, ta, sing mampir mriki."<br>"E, dadi tegese Darya melu methuk, ta. Heh, awan-awan jam telu teka lungan." | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Sosio-budaya | Anggenipun lelungan boten kados padatanipun |
| 13 | Lah, ya ngono, prelune celak priyayi kuwi mundhak dekung. Kae lo, kakangmu Darya, kuwi kanca benggala. Wong tuwa kuwi nek anake | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Moral | Lare anggenipun ngremenaken tiyang sepuhipun |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | kethok, anane mung bungahLuwih maneh banjur bisa megar payunge, apa maneh sing digoleki, kono dumununging pangaji-aji, isih jaka wis dadi priyayi, nek arep golek sing glendar-glender sewu sasisih bae ngembyah. | | | |
| 14 | Tembungipun embok ingkang mungel, “saulihmu saka seba, kok wis ora mikir pamagangmu.” Punika wonten cocogipun kaliyan welingipun guru, makaten, “saiki kowe wus rampung pasinaonmu, nanging aja rumangsa wis dadi wong pinter. Sumurupa, upama kawruh-kawruh iku ana sajroning gedhong, kowe kuwi lagi nyekel soroge. Yen sorog iku kok kanthongi bae, kowe iya bakal ora sumurup sajroning gedhong, malah sorogmu tainen. Mulane ing besuk sorogmu kuwi pigunakna, ya iku sing sregep maca layang-layang, lan dhemen tetakon. | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Sosio-budaya | Pangemut dhateng gamanipun tiyang gesang |
| 15 | Anggenipun Darbe maos serat kabar punika dados senengan ageng. Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosanipun ing serat kabar, sampun mesthi kemawon seserepanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah. | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Sosio-budaya | Literai kangge mbikak pamawas |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 16 | Panacad dhateng bangsa Jawi anggenipun taksih remen mbeboros arta, gadhah damel ageng-agengan, punapadene ingkang waragadipun saking sambutan, badhe panyauripun njagakaken sumbangan. Keplesedipun, bibar gadhah damel griyanipun kabur. | Serat Kabar | Ekonomi | Beboros arta |
| 16 | Darba kepeksa matur, “sanajan kula kerep damel karangan wonten serat kabar, nanging boten nate nuju tiyang, agengipun ngawon-awon. Ingkang kula rembag mesthi kabetahaning ngumum.” | Wonten ing Dhusun | Sosio-Budaya | Anggenipun paring pamrayogi boten lajeng tumuju dhateng tiyangipun |
| 17 | Juru serat nyambeti kaliyan mesem, “O pancen awrat, Dhi, dados priyantun punika, menapa malih dados priyantun pulisi wonten ing panggenan ingkang wonten kabudidayanipun kados ngriki, wontenipun sarwa pekewed.” | Wonten ing Dhusun | Sosio-Budaya | Awratipun dados priyantun |
| 18 | Juru Serat: “Inggih kawengku, nanging manawi sakinten adamel kauntungan, sasaged-saged mesthi dipunsingkiri.”<br><br>Darba: “O, tegesipun panjenegan punika manut dhateng ingkang nyingkiri pranatan. Hla punika, memper kemawon pekewed, tiyang nindhakaken prakawis kalih warni ingkang kosok | Wonten ing Dhusun | Sosio-Budaya | Manut ingkang nyingkiri pranatan |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | wangsul." | | | |
| 19 | Nanging Makaten punika Darba namung katut ombyaking kathah, liripun anak piyantun limrahipun dados priyantun, mangka nalika pamagangipun Darba angsal tigang taun, sampun kadhedharen raos boten sekeca, saya malih sareng Darba mindhak-mindhak seserepanipun, dening remenipun maos buku-buku saha serat kabar. | Wonten ing Dhusun | Sosio-Budaya | Gamaning gesang |
| 20 | Inggih, Tuwan, kados-kados boten wonten pekewedipun saupami kula ngaturaken pamanahan kula dhateng Tuwan kanthi pangajeng-ajeng mbok bilih wonten pitedah panjenengan. Sajatosipun kula gadhah manah boten remen dhateng kapriyantunan, namung badhe nyambut damel punapa, punika ingkang taskih peteng. | Wonten ing Dhusun | Sosio-budaya | Boten gadhah raos lingsem |
| 21 | Mireng tembung makaten punika Tuwan Masinis gumun kaworan bingah. Gumunipun dene pamanahipun Darba sulaya kaliyan tata adat Jawi. | Wonten ing Dhusun | | Pamawas beda kaliyan tata pranatan Jawi |

**LAMPIRAN 3**

Tabel 4. Data EKokritik ing salebetipun Novel Kirti Njunung Drajat

| No. | Kutipan Data | Sub Judul | Aspek Masalah | Wujudipun Kritik |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul Wetan, toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. Ananging pasiten wau kathah ingkang boten dados kabudidayan. Umpami katanem rosan, tom, pantun mesthi tansah damel ayeming manah. | Wonten ing Dhusun | Alam | Nanem Taneman |
| 2 | Kedhungipun satunggal lepen, toyanipun samenika bening, dados kaluruganipun lare padhusunan, samia adus aceciblon. Ing wanci tengange, sabibaring adus, alre kalih abebarakan nama Dalil kaliyan Jayus, watawis umur kalih welas taun, tansah njedhindhil sinambi reresik lepen ingkang dikebaki pang lan ron garing. | Wonten ing Dhusun | Alam | Njagi karesikanipun Lepen |
| 3 | Ing wanci sonten Darba adus dhateng lepen, amarga ngrao bilih kahanan siyang tansah benter, mantukipun sampun meh serap, lampahipun turut galenganing sabin. | Wonten ing Dhusun | Alam | Kahanan sampun sarwa panas |

**LAMPIRAN 4**

Tabel 5. Wujud Andharanipun Kritik Sosial ing salebetipun Novel

| No. | Pethikanipun Dhata | Sub Judul | Wujud Andharanipun |
|---|---|---|---|
| 1 | Tembungipun Mas Bei Mangunripta punika tegesipun taksih tangeh sagedipun dados priyantun, amargi adat kalimrahanipun, magang punika pamncen pitu wolung taunan. Mas Bei lajeng pitaken dhateng Ki Mas Nayapada, "punapa putrane punika sampun saged nyerat jangkep, Mas?" | Wonten Ing Sepur | Langsung |
| 2 | Dene bangku sanesipun meh nyakawan sadaya, namung palinggihanipun Mas Bei Mangunripta punika dipunlinggehi ijen, amargi patrapipun linggih mujur ngebaki papan, selanipun ing pinggir dipun dekeki buntelan. Tetiyang dhusun sami ajrih ngesuk Mas Bei Mangunripta, dipunpilalah sami ngadeg awit sumerep menawi punika priyantun. | Wonten ing Sepur | Langsung |
| 3 | Kocapa, sareng sepur sampun lumampah malih, kondhektur lumebet ing gerbong mriksa karcis. Ingatasipun dagang pancenipun bingah ningali sesadeyanipun pajeng laris. Ewasemanten tuwan kondhektur boten makaten, sumerep kathahing tiyang ingkang numpak, namung tansah ngeses saha muring-muring; tandhangipun grusa-grusu, tiyang ingkang sami ngadeg neseg-nesegi margi dipun suk purun, malah wonten ingkang dipunjorog-jorogaken. Dumadakan wonten tiyang dhusun mbekta pikulan, panganggenipun namung kathokan punika dhawah ngebruki | Wonten ing Sepur | Langsung |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Mas Bei Mangunripta. | | |
| 4 | Sareng sampun sareh ing sawatawis, saha ing salebetipun gerbong sampun tentrem, punapadene kondhektur sampun boten ketingal, Mas Bei ngadeg kaliyan wicanten, “Landa kuwi mendhem ayake”.<br><br>Tumunten lumampah, nyelaki Ki Mas Nayapada, lajeng ngadeg alendetan candhela, pitakenipun dhateng Darba, “kandha apa Le, tuwane, kathik nganggo perdom-perdom barang?”<br><br>Darba boten enggal mangsuli, awit saumpami tembungipun Walandi kondhektur wau dipunjawekakaken sadaya, sumelang kepireng tiyang sanesipun, mendhak amewahi wirangipun Mas Bei, wasana wangsulanipun namung, “boten ngertos, awit wicantenipun rikat sanget”. | Wonten ing Sepur | Langsung |
| 5 | “lah kebeneran ana bocah Sala, mesthi prigel laden. Renea, Le, takkandhani. Mengko yen ngetokke wedang, cangkir tutup gedhe sing nganggo tatakan salaka iki, ingkang Bupati, para panewu iya nganggo tatakan iki, cangkire tutup cilik wae. Para mantri cangkir tutup cilik tanpa tatakan. Sangisore iku cangkir alus tanpa tutup. Dene liyane, bekel, mandhor sapepadhane cangkir para bae” | Wonten ing Pajagongan | Langsung |
| 6 | “Kok ora nemu-nemu, ta?”<br><br>“mesthine ana sing dienteni”<br><br>“Ana kae, mesakke pengantene, arak tansah nggekeng”<br><br>“Arepa ngono-ngono, nek panggedhe durung rawuh.” | Wonten ing Pajagongan | Langsung |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | “Iya, ya, lawong panggedhe” | | |
| 7 | Tamu ingkang ageng piyambak Den Bei Dhistrik, dipunaturi larih, lajeng ngajak onderipun. Ingkang makaten punika saya ndadosaken nepsunipun Mas Bei Mangunripta, mila sanajan sadaya tamu sami ngadeg ngepang ingkang beksa, urun keplok saweneh nggerong, Mas Bei Mnagunripta lenggah kemawon, malah lajeng ngombe jenewer plepak-plepek, ngantos rainipun abrit manang-manang. | Wonten ing Pajagongan | Langsung |
| 8 | Kejawi punika Mas Demang mawi pratela manawi wonten lepatipun ing tindak, nyuwun pangapunten. Nanging Mas Bei Mangunripta boten ngrewes babar pisan, malah nyenthulani. | Wonten ing Pajagongan | Langusng |
| 9 | “sampun dados penggalih, inggih idhep-idhep ngemong ingkang gadhah griya. Mas bei Mangunripta punika kula rumiyinaken beksa.<br><br>“E, nun inggih, tiyang pancen leresipun makaten.”<br><br>“Kadospundi, Dhi, teka adhi cariyos leresipun?”<br><br>“lah tiyang kula mantri golongan pulisi, ngrika mantri nagari”<br><br>“Mantria nagari punika, tiyang mantri kasentanan” | Wonten ing Pajagongan | Langusng |
| 10 | “Mantri Onder Dhistrik inggih ngunjuk, nanging tanpa mangsuli sakecap, ing batos sakelangkung ngungun, dene ngantos kataman ing tindak kados makaten. Nanging polatanipun boten ewah, mratandhani priyantun luhur ing budi, boten samar ing patrap agal alus, pancen bregas, wujudipun boten ageng inggil, nanging | Wonten ing Pajagongan | Langsung |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | saliranipun akas lan kiyeng. | | |
| 11 | Sepisan, nalika wonten ing sepur. Kajening kapriyantunan punika pancen sampun cumithak wonten ing pikiranipun Darba. Nanging ingatasipun bregasipun semanten, teka dipunkuya-kuya kondhektur sebab namung saking boten ngertos bilih bangku punika kedah dipunlinggihi bangku tiyang tiga. Kaliyan malih kajening kapriyantunan punika punapa namung wonten jagadipun piyambak, tegesipun namung sami kanca-kancanipun. Tumrap sawanganipun bangsa sanes, pangertosan punapa langkung dipunajeni. | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Langsung |
| 12 | "Kretane Bendara Raya ajeng methuk teng sepur?"<br>"Kathik nganggo mandheg barang."<br>"Darya, ta, sing mampir mriki."<br>"E, dadi tegese Darya melu methuk, ta. Heh, awan-awan jam telu teka lungan." | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Langsung |
| 13 | Lah, ya ngono, prelune celak priyayi kuwi mundhak dekung. Kae lo, kakangmu Darya, kuwi kanca benggala. Wong tuwa kuwi nek anake kethok, anane mung bungahLuwih maneh banjur bisa megar payunge, apa maneh sing digoleki, kono dumununging pangaji-aji, isih jaka wis dadi priyayi, nek arep golek sing glendar-glender sewu sasisih bae ngembyah. | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Langusng |
| 14 | Tembungipun embok ingkang mungel, "saulihmu saka seba, kok wis ora mikir pamagangmu." Punika wonten cocogipun kaliyan | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Langusng |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | welingipun guru, makaten, “saiki kowe wus rampung pasinaonmu, nanging aja rumangsa wis dadi wong pinter. Sumurupa, upama kawruh-kawruh iku ana sajroning gedhong, kowe kuwi lagi nyekel soroge. Yen sorog iku kok kanthongi bae, kowe iya bakal ora sumurup sajroning gedhong, malah sorogmu tainen. Mulane ing besuk sorogmu kuwi pigunakna, ya iku sing sregep maca layang-layang, lan dhemen tetakon. | | |
| 15 | Anggenipun Darbe maos serat kabar punika dados senengan ageng. Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosanipun ing serat kabar, sampun mesthi kemawon seserepanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah. | Pecahing Pikiranipun Para Neneman | Boten langsug |
| 16 | Panacad dhateng bangsa Jawi anggenipun taksih remen mbeboros arta, gadhah damel ageng-agengan, punapadene ingkang waragadipun saking sambutan, badhe panyauripun njagakaken sumbangan. Keplesedipun, bibar gadhah damel griyanipun kabur. | Serat Kabar | Boten langsung |
| 17 | Darba kepeksa matur, “sanajan kula kerep damel karangan wonten serat kabar, nanging boten nate nuju tiyang, agengipun ngawon-awon. Ingkang kula rembag mesthi kabetahaning ngumum.” | Wonten ing Dhusun | Boten langsung |
| 18 | Juru serat nyambeti kaliyan mesem, “O pancen awrat, Dhi, dados priyantun punika, menapa malih dados priyantun pulisi wonten ing panggenan ingkang wonten kabudidayanipun kados ngriki, wontenipun sarwa pekewed.” | Wonten ing Dhusun | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 19 | Juru Serat: "Inggih kawengku, nanging manawi sakinten adamel kauntungan, sasaged-saged mesthi dipunsingkiri."<br><br>Darba: "O, tegesipun panjenegan punika manut dhateng ingkang nyingkiri pranatan. Hla punika, memper kemawon pekewed, tiyang nindhakaken prakawis kalih warni ingkang kosok wangsul." | Wonten ing Dhusun | Langusng |
| 20 | Nanging Makaten punika Darba namung katut ombyaking kathah, liripun anak piyantun limrahipun dados priyantun, mangka nalika pamagangipun Darba angsal tigang taun, sampun kadhedharen raos boten sekeca, saya malih sareng Darba mindhak-mindhak seserepanipun, dening remenipun maos buku-buku saha serat kabar. | Wonten ing Dhusun | Langusng |
| 21 | Inggih, Tuwan, kados-kados boten wonten pekewedipun saupami kula ngaturaken pamanahan kula dhateng Tuwan kanthi pangajeng-ajeng mbok bilih wonten pitedag panjenengan. Sajatosipun kula gadhah manah boten remen dhateng kapriyantunan, namung badhe nyambut damel punapa, punika ingkang taskih peteng. | Wonten ing Dhusun | Langusng |
| 22 | Mireng tembung makaten punika Tuwan Masinis gumun kaworan bingah. Gumunipun dene pamanahipun Darba sulaya kaliyan tata adat Jawi. | Wonten ing Dhusun | Boten Langsung |
| 23 | Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul Wetan, toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. Ananging pasiten wau kathah ingkang boten dados kabudidayan. Umpami katanem rosan, tom, pantun mesthi tansah damel ayeming manah. | Wonten ing Dhusun | Boten langsung |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 24 | Kedhungipun satunggal lepen, toyanipun samenika bening, dados kaluruganipun lare padhusunan, samia adus aceciblon. Ing wanci tengange, sabibaring adus, alre kalih abebarakan nama Dalil kaliyan Jayus, watawis umur kalih welas taun, tansah njedhindhil sinambi reresik lepen ingkang dikebaki pang lan ron garing. | Wonten ing Dhusun | Boten langsung |
| 25 | Ing wanci sonten Darba adus dhateng lepen, amarga ngrao bilih kahanan siyang tansah benter, mantukipun sampun meh serap, lampahipun turut galenganing sabin. | Wonten ing Dhusun | Boten langusng |